
**DEPATMAN EDIKASYON AK SWEN POU POU
TIMOUN PITI NAN MASSACHUSETTS**

KATEGORI KONSEY SOU SAK NAN ETID-LA

MIZAJOU NAN MWA'D ME 2017



KATEGORI ETID 1: KWASANS AK DEVLOPMAN TIMOUN PITI, DEPI LI FÈK FÈT JISKASKE'L GEN UIT LANE

KOU NAN KATEGORI SA-A DWE ANSEYE PWOFESÈ YO:

- I. Rekonèt epi konprann etap, prensip ak pi gwo teyorisyen devlopman timoun piti yo.
- II. Konprann domèn devlopman timoun.
 - A. Sosyal – Pwofesè-yo dwe konnen kijan timoun yo devlope ladrès sosyal epi kijan yo devlope relasyon ak kamarad-yo epi ak granmoun-yo.
 - B. Konesans – Pwofesè-yo dwe konprann kijan timoun yo devlope memwa, rezònman, yo pran desizyon, rezoud pwoblèm ak ladrès panse kreyatif-yo.
 - C. Lang – Pwofesè-yo dwe konnen kijan timoun yo devlope langaj, kijan yo kominike avèk efikasite vèbalman ak non vèbalman, epi tou kijan pou ankouraje komunikasyon vèbal ak non vèbal kay timoun-yo.
 - D. Emosyonèl – Pwofesè-yo dwe konnen kijan pou apiye devlopman afektif yon timoun, tankou konsyans de pwòp tèt li, endependans, kontwòl tèt li ak kapasite pou li ede pwòp tèt li.
 - E. Etik – Pwofesè-yo dwe konprann konpòtman etik epi konnen kijan pou ankouraje yon konpòtman ki montre respè ak etik kay timoun-yo.
- III. Rekonèt epi konprann kijan pou montre timoun-yo plizyè stil aprantisaj.
 - A. Rekonèt faktè kiltirèl, lengwistik, ereditè, nitrisyonèl, parantal, familyal, ak sosyo ekonomik-yo, epi konpran kijan yo afekte kwasans ak devlopman timoun nan.
 - B. Rekonèt alafwa devlopman tipik ak atipik yo, epi siy reta devlopman oswa andikap posib-yo.

KATEGORI ETID 2: PWOGGRAM PLANIFIKASYON AK ANVIWÒNMAN POU JÈN TIMOUN-YO

KOU KI NAN KATEGORI SA-A DWE ANSEYE PWOFESÈ-YO:

- I. Rekonèt rechèch ak teyori aktyèl epi trori nan divès modèl edikasyon timoun piti epi konprann kijan pou antre prensipal teyori aprantisaj-yo nan planifikasyon pwogram-yo.
- II. Konnen kijan pou aplike konesans nan devlopman pwogram edikatif pou ka planifye ak pwograme aktivite.
- III. Konnen kijan pou konsevwa espas andedan ak deyò ki an sante, san danje, aksesib, divèsifye epi ki apwopwopriye ak devlopman-an; angaje tout sans yon timoun; devlope e ankouraje kwasans, devlopman, ak kiryozite timoun; epi bay opòtinite pou timoun-yo rezoud pwoblèm epi pran desizyon.
 - A. Konprann wòl jwèt epi kreye opòtinite pou jwèt la.
- IV. Dwe okouran de materyèl ak resous ki disponib si yo san danje, aksesib, divèsifye epi ki apwopwopriye ak devlopman epi ki milti sansoryèl, epi tou kijan pou antre yo nan klas la.
 - A. Konnen kijan pou antre teknoloji pou timoun-yo yon fason ki aksesib ak efikas.
- V. Konnen ki teknoloji ki disponib pou pwofesè-yo epi kijan pou itilize teknoloji-a pou rann ansèyman an fasil.
- VI. Konnen kijan pou kreye yon klima sosyo-emosyonèl pozitif pandan w'ap ankouraje epi devlope entè aksyon posizif ant timoun-yo ak kamarad yo epi ant timoun-yo ak pwofesè-yo.

KATEGORI ETID 3: PWOGGRAM EDIKATIF POU ETABLISMAN TIMOUN PITI

KOU NAN KATEGORI SA A DWE ANSYE PWOFESÈ YO:

- I. Konprann rechèch ak teyori ki sipòte modèl pwogram edikatif-yo.
 - A. Konnen kijan pou konsevwa pwogram edikatif ki devlope ladrès, konesans ak konesans tèt-yo, travay- yo ak estratefi aprantisaj timoun-yo.
 - B. Konnen kijan pou konsevwa pwogram edikatif ki pèmèt devlopman sosyal, emosyonèl, mantal, epi sante fizik, devlopman ak kwasans timoun-yo.
 1. Konnen kijan pou prepare enstriksyon an pou tout timoun pou kenbe aprantisaj la reyalizab men tankou yon defi tou.
 2. Konnen pwogram edikatif ke yo te anseye timoun-yo sèvi yo anvan ak aprè nivo eskolè-a.
 - C. Konnen kijan pou devlope epi akonpli pwogram edikasyon endividiyèl (IEP) ak plan sèvis familyal pèsonalize (IFSPs) si gen bezwen pou sa.
 - D. Konnen kijan pou itilize jwèt ak anviwònman pou soutni enstriksyon an epi ogmante entèraksyon timoun yo.
 - E. Konprann pwogram edikatif ak nòm aprantisaj lokal-yo, leta ak nasyonal-yo epi konnen kijan pou itilize yo.
- II. Konprann kontni fondamantal ak teyori ki ala baz pre lekti/alfabetizasyon, ekriti, Anglè, matematik, syans, syans sosyal ak istwa, za, edikasyon fizik, ak sante.
 - A. Konprann pwogresyon konesans ak konpetans pou timoun-yo nan chak matyè yo anseye yo.
 - B. Konnen kijan pou konsevwa epi itilize aktivite ki apwopriye ak devlopman epi kontni ki entegre epi ki reflete divèsite lang ak kilti timoun-yo te sèvi yo.
 - C. Konnen epi itilize materyèl ki adapte ak devlopman, aksesib epi divèsfye pou soutni pwogram edikatif la.
- III. Pran konsyans epi konnen kijan pou itilize aktivite ki apwopriye ak devlopman epi kontni ki entegre epi ki reflete divèsite timoun ki nan pwogram nan epi ki aksesib pou tout timoun.
 - A. Pran konsyans de mank ki genyen nan reyisit epi konnen estrateji pou diminye vid sa-yo.
 - B. Konnen kijan pou ede timoun yo pi byen konnen epi apresye divèsite, tankou diferans kapasite, laj, estati sosyo-ekonomik, kilti, etni, konposisyon familyal, sèks, lang, ras, reliyion ak oryantasyon seksyèl.
 - C. Konprann kijan pou devlope apwòch entè disiplinè pou anseye domèn kontni-yo.
 - D. Konnen kijan pou melanje aktivite pratik/aktivite timoun-yo dirije ansanm ak aktivite pwofesè-yo dirije, epi aktivite estriktire-yo asanm ak aktivite ki fèt sanzatann yon fason apwopriye e entegre.
 - E. Konnen kijan pou aplike opòtinite aprantisaj endividiyèl epi ant kamarad.
 - F. Konnen kijan pou travay an kolaborasyon ak kamarad-yo pou bati yon pwogram sipò.

KATEGORI ETID 4: JESYON TIMOUN NAN AK KLAS-LA

KOU KI NAN KATEGORI SA A DWE APRANN PWOFESÈ YO:

- I. Konprann kijan pou ankouraje jistis, ekite, aksè, divèsite, apatenans, sekirite, ak endepandans nan klas la.
 - A. Konnen kijan pou devlope entèaksyon timoun-yo yonn ak lòt pou timoun-yo ka pase etap pa etap soti nan soti nan etap depandans de granmoun-yo pou rive depann de pwòp tèt yo ak kamarad klas-yo.
 - B. Konnen kijan pou oryante jwèt la pou li ka rete asire ak rezonab.
 - C. Konprann kijan pou modle yon konpòtman etik epi ankouraje konpòtman etik kay timoun-yo.
- II. Konnen kijan pou devlope yon klima pozitif nan klas ki rekonèt epi respekte divèsite ak abilite tout timoun.
- III. Konprann kijan pou analyze konpòtman timoun pandan wap bay kontèks sosyal ak emosyonèl chak timoun priyorite.
 - A. Rekonèt siy estrès kay timoun-yo epi sipòte yo efikasman pandan peryòd estrès, separasyon, tranzisyon, abi oswa lòt kriz yo.
 - B. Konprann kijan klima sal la, anviwònman an, pwogram edikatif la ak materyèl yo enfliyanse konpòtman timoun-yo.
- IV. Rekonèt epi etabli règ ak woutin ki adapte ak devlopman ki klè epi ki devlope pwòp disiplin timoun nan.
 - A. Konprann kijan pou aji kòm yon modèl pozitif, fè modèl entèaksyon ki gen sans, devlope relasyon pozitif ak tout timoun, epi koute yo avèk atansyon epi reponn bezwen, ide, ak kesyon timoun-yo.
- V. Konnen kijan pou gide obsèvasyon yo pa ranfòsman pozitif ak konsekans lojik ak pwogresif.
 - A. Konprann kijan pou kolabore ak paran oswa responsab, kòlèg ak administratè-yo pou devlope apwòch ki konsistan ak oryantasyon pozitif.

KATEGORI ETID 5: EDIKASYON OSWA DEVLOPMAN AVANSE OSWA ESPESYALIZE TIMOUN PITI

KOU NAN KATEGORI SA-A:

Devlope konesans pwofesè-yo sou kontni oswa ekspozisyon sou sijè ki sible, tankou anseye nan domèn espesyal, estrateji pou anseye yon gwoup elèv an patikilye, oswa itilize enstriman oubyen teknoloji espesyal.

KATEGORI ETID 6: TIMOUN KI GEN BEZWEN ESPESYAL, KI GEN SÈZ LANE DEPI YO FÈT

KOU NAN KATEGORI SA-A DWE ANSEYE PWOFESÈ YO:

- I. Konprann epi rekonèt andikap yo.
 - A. Konnen pwoblèm aktyèl yo, teyori ak pwogrè edikasyon espesyal la.
 - B. Abitye ak diferan tip andikap ki kapab afekte timoun-yo, pwoblèm visyon, pwoblèm tandem, difikilte pou pale, difikilte pou yo aprann, pwoblèm entelektyèl, domaj fizik, pwoblèm emosyonèl, pwoblèm newolojik, bezwen espesyal ki gen rapò ak swen sante.
 - C. Konnen modèl devlopman tipik ak atipik nan tout domèn devlopman yo (sosyal, konesans, lengwistik, fizik emosyonèl ak etik).
 - D. Konnen diferans ki genyen ant difikilte aprantisaj jeneral ak difikilte aprantisaj espesyal.
 - E. Konprann kijan pou idantifye timoun ki ka genyen bezwen espesyal nan bonè.
 - F. Konnen lwa ak regleman lokal, leta ak federal yo pou swen timoun ki gen bezwen espesyal yo.
- II. Aprann jere anviwònman ak aprantisaj timoun andikape yo.
 - A. Konnen ki adaptasyon ki apwopriye pou divès bezwen espesyal.
 - B. Konprann kijan pou konsevwa yon anviwònman ak aktivite timoun andikape a ap santi'l byen lè'l ap fè yo, epi ki favorize kwasans ak devlopman endividyle yo.
 1. Konnen estrajeti entegrasyon
 2. Konnen kijan pou devlope kapasite pou obsève epi dokimante ladrès, kapasite, fòs, bezwen, enterè, estil aprantisaj timoun-yo, patisipasyon nan pwogram nan epi pwogrese san patipri, ni jijman pèsonèl.
 3. Konnen kijan pou chanje bi ak objektif aprantisaj yo pou ka akeyi timoun ki gen bezwen espesyal yo.
 - C. Konnen epi sèvi ak teknoloji asistans pou asire yon anviwònman entegre.
 - D. Konnen kijan pou evalye epi refere timoun ki gen bezwen espesyal yo.
 - E. Konnen kijan pou travay ak espesyalis yo.
 - F. Konnen resous kominotè pou timoun ki gen bezwen espesyal yo ansanm ak fanmi yo.
- III. Konprann zefè kategorizasyon bezwen espesyal yon timoun, epi zefè yon timoun ki gen bezwen espesyal parapò ak yon lòt.
 - A. Fè diferans ant pwoblèm ki asosye ak aprantisaj nan de lang ak bezwen espesyal.
 - B. Konprann ki konsekans sa genyen lè'w make yon timoun kòm timoun ki gen yon pwoblèm aprantisaj.
 - C. Konprann ki enpak sa genyen sou fanmi ak kamarad yon timoun ki gen bezwen espesyal.

KATEGORI ETID 7: DEVELOPMAN, SWEN AK PLANIFIKASYON PWogram pou Ti BEBE AK TIMOUN PITI

KOU NAN KATEGORI SA-A DWE ANSEYE PWOFESÈ-YO:

- I. Konprann teyori ak rechèch ki gen rapò ak twa premye lane nan lavi timoun nan, tankou devlopman fizik, sansoryèl, motè, langaj, emosyonèl ak konesans.
 - A. Konnen devlopman bonè sèvo a, tankou sèvo timoun ti bebe ak timoun piti yo, epi kijan pou konsevwa epi aplike metòd ki apwopriye pou facilite devlopman sa-a.
 - B. Konnen wòl attachman nan aprantisaj la.
- II. Konnen kijan pou ekipe espas ki apwopriye pou devlopman ti bebe ak timoun piti.
- III. Konnen kijan ti bebe ak timoun piti-yo aprann.
 - A. Rekonèt karakteristik ti bebe ak timoun piti ki ka an danje epi refere yo kote'w dwe refere yo.
 - B. Konprann divès apwòch nan swen ti bebe ak timoun piti ki koresponn pi byen ak bezwen chak timoun.
 - 1. Konnen pratik ansèyman ki pou ti bebe a timoun piti-yo, tankou entèaksyon ki baze sou lang ak jwèt ki baze sou lang.
- IV. Konprann enpòtans sante, nitrisyon ak pratik manje nan kad edikasyon ak gad timoun piti.
- V. Konprann enpòtans fanmi ak moun kap bay swen yo nan kwasans ak devlopman ti bebe ak timoun piti-yo.

KATEGORI ETID 8: SANTE AK SEKIRITE TIMOUN PITI

KOU NAN KATEGORI SA-A DWE ANSEYE PWOFESÈ-YO POU*:

- I. Konnen sou nitrisyon (epi kijan bezwen nitrisyonèl timoun-yo chanje toutotan lap grandi), aktivite fizik epi jwe.
 - A. Konprann bezwen nitrisyonèl-yo pou timounyo ka grandi ak devlope an sante.
 - B. Konprann preparasyon ak sèvi manje.
 - C. Konprann kijan pou aplike yon plan alimantè ki ansante.
 - D. Dwe konsyan de pwoblèm alèji ak restriksyon alimantè-yo.
 - E. Konnen sou prevansyon obezite.
- II. Konnen plan sante pèsonalize-yo.
 - A. Konprann kijan pou jwenn resous kominate pou timoun ki gen bezwen sante espesyal.
 - B. Konnen kijan pou bay medikaman.
- III. Konnen sou politik sante-yo.
 - A. Konnen politik esklizyon sante-a.
 1. Konnen kijan pou ekri yon politik esklizyon.
 - B. Konnen kondisyon vaksinasyon-yo.
- IV. Konprann woutin swen pèsonèl sekirité-yo.
 - A. Konnen kijan pou konsevwa yon anviwonman sekirize ak ijyenik pou jèn timoun-yo.
 1. Konnen kijan pou siveye milye yo gade timoun.
 2. Aprann idantifye epi eliminate danje ki ka prezante yo.
 3. Konnen kijan pou jwenn aksè a enfòmasyon sou pwodui ki pa apwopriye, ki entèdi oswa yo raple ki ka nwi timoun nan òganis federal oswa pwovens yo ki travay sou sekirite pwodui yo konsome yo.
 - B. Konnen mezi swen medikal preventif yo.
 1. Konnen kijan pou devlope konpetans de baz nan sante.
 2. Konnen kijan pou travay ak fanmi yo sou sa ki konsenen bon abitid-yo.
 - C. Konprann enpòtans relasyon estab ak solid yo.
 - D. Konnen potansyèl faktè estrès yo sou timoun-yo ak efè biyolojik estrès yo.
 - E. Konnen sou prevansyon maladi enfeksyon ak kontwòl enfeksyon.
 - F. Konnen sou prevansyon ak sekirite pwazon.
 - G. Konnen sou swen bouch ak dan.
- V. Konnen sou sante konpòtmantal.
 - A. Konnen sou devlopman sosyal/emosyonèl.
- VI. Konprann politik sekirite, règleman, ak pratik-yo.
 - A. Konnen nòm sekirite ki lye ak lisans-yo.
 - B. Konnen plan dijans lan.
 1. Konnen kilè pou kontakte paran yo.
 2. Konnen kilè yo chèche jwenn swen medikal.
 3. Konnen kilè pou rapòte abi sou timoun.

- C. Konnen pwoblèm sekirite ki asosye ak anviwònman andedan ak deyò-yo.
- D. Konnen rapò anplwaye ki apwopriye pou diferan gwooup laj, anviwònman, ak aktivite.

***Nòt:** Paske premye swen debaz yo ak reyanimasyon kadio pilmonè yo se fòmasyon ki an sèvis, konesans nan domèn sa yo pa oblige'w fè inivèsite oswa pou gen yon pèfeksyonman pwofesyonèl. Gade 7.09(15)(e) règleman EEC 606 CMR.

KATEGORI ETID 9: FANMI AK KOMINOTE

KOU NAN KATEGORI SA-A DWE ANSEYE PWOFESÈ-YO:

- I. Konprann kijan fanmi, lekòl la ak kominote enflidianse lavi ak aprantisaj yon timoun.
 - A. Rekonèt ke paran oswa responsab la kòm premye pwofesè timoun nan epi enplike yo nan edikasyon timoun nan pou yo ka bay timoun yo konsistans ak ankourajman. Bay paran/responsab yo valè kòm premye pwofesè timoun-yo.
 - B. Konprann kijan relasyon ant paran/responsab ak pwofesè-yo afekte yon timoun epi enpòtans yon bon komunikasyon.
 1. Konnen kijan pou fè prèv sensibilité ak konpreansyon sou sa ki konsènen faktè estrès ak difikilite timoun nan oswa fanmi an ap rankontre.
 2. Kijan pou enfòme paran/responsab-yo/fanmi-yo yon fason konstriktif sou chanjman orè, nan woutinyo oswa lòt aspè operasyonèl nan klas-la.
 3. Konnen kijan pou kominike ak fanmi-yo ak manm kominote-a yon fason pozitif ak konstriktif, tankou pa egzanp sou pwoblèm devlopman timoun epi sou pwogram nan.
 - C. Rekonèt enpòtans ki genyen pou respekte tout fammi epi tout tip de fanmi kèlkeswa kapasite, laj, kilti, etnisite, konpozisyon fanmi, sèks, lang, reliyon, oryantasyon seksyèl oswa estati sosyo ekonomik li.
 1. Rekonèt enpòtans divèsite kiltirèl ak lengwistik nan travay avèk jèn timoun-yo epi fanmi-yo.
 2. Konnen kijan pou elabore politik ak pwosedi ki adapte sosyalman, lengwistikman ak kiltirèlman.
 3. Konnen kijan yo jwenn dezyèm lang lan epi konnen kijan'w ka ede devlope lang ki pale lakay-la.
 4. Konprann epi aksepte divès pratik edikatif timoun-yo.
 5. Konnen kijan pou sipòte epi ede fanmi yo pale de sa yo vle, de sa yo atann ak de objektif yo konsènan edikasyon ak devlopman timoun-yo-a. Kapab pale de manyè konstriktif de pwoblèm ki asosye ak pwogrè ak devlopman timoun nan.
 - D. Konnen kijan pou ede timoun-yo/paran-yo/responsab yo/fanmi-yo ak tranzisyon ant lakay-la ak lekòl-la, menm jan tou ant lòt kote/pwogram-yo.
- II. Konprann kijan pou itilize sosyete-a kòm resous ki gen konesans de sèvis sosyal-yo, gouvènman an, epi ajans kap defann dwa timoun yo ki ka ofri timoun ak fanmi-yo enfòmasyon sipò. Pran konsyans de resous kominotè ki ka ede fanmi oswa timoun-yo.
 - A. Konnen kijan pou konsevwa, òganize, epi pratike aktivite ki pèmèt fanmi-yo oswa manm kominote-a patisipe.
 1. Konnen kijan pou rekrite, antrene, sipèvize, epi itilize volontè-yo.
 - B. Rekonèt enpòtans sa genyen pou pèmèt fanmi-yo ak moun ki nan kominote-a patisipe nan aktivite pwogram nan, epi toujou mete'w prè pou akeyi yo sa kap facilite patisipasyon fanmi-yo ak kominote-a.

KATEGORI ETID 10: POLITIK SWEN TIMOUN

KOU NAN KATEGORI SA A DWE APRANN PWOFESÈ YO:

- I. Konnen istwa ak evolisyon edikasyon sou swen timoun piti.
 - A. Konprann pwoblèm ki afekte disponibilite ak aksesibilite edikasyon sou swen timoun piti pou yon fami.
 - B. Konnen ki sèvis lokal, etatik oswa nasyonal ki disponib pou timoun-yo.
- II. Konprann pwoblèm sosyete edikasyon sou swen timoun piti soulve yo.
- II. Konnen estrikti federal, leta, ak lokal yo, règleman-yo ak patisipasyon nan edikasyon sou swen timoun piti.
 - A. Konprann sistèm edikasyon preskolè ak swen sibvansyone nan Massachusetts.
 - B. Konprann pwogram edikatif ak nòm aprantisaj lokal yo, leta ak nasyonal yo epi konnen kijan pou itilize yo.
- III. Konprann règlementasyon ki genyen nan edikasyon sou swen timoun piti, ki genyen regleman ofisyèl sou edikasyon sou swen timoun piti.
- IV. Konprann kijan pou konekte politik ak pratik epi tradui politik ak pratik.
 - A. Konnen kijan pou devlope politik ki efikas.
 - B. Konprann wòl pwofesè timoun piti kòm yon ajan estrateji.

KATEGORI ETID 11: SIPÈVIZYON OSWA DEVELOPMAN PÈSONÈL NAN EDIKASYON TIMOUN PITI

KOU I NAN KATEGORI SA-A DWE ANSEYE PWOFESÈ-YO:

- I. Konnen kijan pou byen sipèvize anplwaye-yo.
 - A. Konprann epi itilize ak konesans nan edikasyon timoun piti pou enfòme desizyon lè w'ap anboche, sipèvize, epi evalye edikatè-yo.
 - B. Konnen kijan pou kolekte AK itilize done-yo.
 1. Konprann kijan pou ede pwofesè-yo evalye epi fè koreksyon ki efikas nan ansèyman, pwogram edikatif, eksperyans aprantisaj-yo, martyèl-yo ak anviwònman klas la.
 2. Konprann kijan pou enfòme lè gen opòtinite pou fòmasyon, menm jan tou pou lòt desizyon nan nivo pwogram nan.
 - C. Konnen kijan pou bay pwofesè-yo konsiltasyon, tankou obsèvasyon, antrènman, ankadreman ak kòmantè konstriktif.
 - D. Konprann epi pare pou sipòte pwoblèm pèsònèl-yo, tankou sansibilizasyon a resous ki ka ede pwofesè yo jere estrès e konpetans yo ak rezolisyon konfli.
- II. Konprann epi ankouraje pratik reflektif.
- III. Konnen kijan pou sipòte devlopman pwofesyonèl anplwaye-yo.
 - A. Konnen kijan pou devlope ak aplike devlopman pwofesyonèl ak kontinyèl ki reflete konesans aktyèl sou devlopman timoun ak aprantisaj nan bonè.
 - B. Konnen kijan pou fòmile yon plan fòmasyon pou amelyorasyon onivo pwogram nan ki reponn a bezwen chak grenn pwofesè tou.
 - C. Konnen kijan pou jwenn avans nan rechèch edikasyon timoun piti epi itilize rechèch sa-a pou prezante novo sijè sou devlopman pwofesyonèl, si sa nesesè.
- IV. Konprann enpòtans relasyon pozitif ak konsèy administrasyon an, anplwaye-yo, fanmi-yo, ak kominate-a pou pwogram edikasyon sou swen timoun piti-a reyisi.
 - A. Konprann kijan pou etabli yon relasyon pozitif ak byen kominike ak pwofesè-yo, pèsònèl pwogram nan, konsèy administrasyon an, fanmi-yo, kominate-a ak lòt entèvenan-yo.
 - B. Apresye epi valorize pèspektiv yon gwoup entèvenan ki varye.
 - C. Konprann pwosesis group epi yo dwe kapab aplike ladrès sa yo kòmsadwa.
- V. Konnen kijan pou idantifye ak jwenn aksè a resous kominate-yo, tankou Ajans Resous e Referans sou Swen Timoun ak Patenarya Kominitè pou Timoun pou devlopman, fòmasyon, ak sipò pou edikatè-yo epi pèmèt pwogram nan reyisi globalman.
 - A. Konnen kijan pou byen kolabore ak pwofesyonèl ki nan ajans sa-yo.

KATEGORI ETID 12: OBSÈVASYON, DOKIMANTASYON AK EVALYASYON TIMOUN-YO

KOU NAN KATEGORI SA-A DWE ANSEYE PWOFESÈ-YO:

- I. Konprann objektif, avantaj ak itilizasyon evalyasyon (pa egzanp obsèvasyon, dokimantasyon ak evalyasyon fòmatif) tankou itilizasyon li nan eleborasyon objektif, pwogram edikatif ak estrateji ansèyman ki apwopriye.
- II. Konnen kijan pou itilize teknoloji ki disponib yo pou obsèvasyon, dokimantasyon ak evalyasyon.
- III. Konprann ak pratike yon evalyasyon responsab pou ankouraje rezulta pou chak timoun, tankou itilizasyon teknoloji asistans pou timoun ki gen andikap.
 - A. Konprann objektif vize divès zouti ak estrateji evalyasyon.
 - B. Konprann posib ramifikasyon divès zouti ak estrateji evalyasyon.
- IV. Konprann kijan pou itilize teknik obsèvasyon ak dokimantasyon.
 - A. Konnen kijan pou seleksyone, administre epi entèprete divès teknik obsèvasyon ak dokimantasyon.
 1. Ogmante konesans obsèvasyon egzat-yo.
 2. Konprann estrateji dokiman efektif-yo.
 3. Konnen kijan pou itilize yon sistèm dokiman obsèvasyon/enstriman pou itilize enfòmasyon timoun-yo efikasman.
 4. Obsève epi dokimante ladrès, kapasite, fòs, bezwen, enterè, estil aprantisaj timoun yo, patisipasyon nan pwogram nan epi pwogrese san patipri, ni jijman pèsonèl.
- V. Konprann epi itilize (lè sa apwopriye) konpetans pou tès depistaj, tankou konesans pou ede asire ke tès devlopman yo te administre lè ak enstriman tès depistaj ki apwopriye ak valab e nan bon etap yo.
- VI. Konprann kijan pou seleksyone, administre, ak entèprete evalyasyon fòmatif.
- VII. Konprann kijan pou itilize rezulta obsèvasyon, dokimantasyon ak evalyasyon fòmatif yo pou konekte avèk pratik-la.
 - A. Konprann kijan pou itilize rezulta yo pou ka konprann pwogresyon devlopman timoun yo.
 - B. Konprann kijan pou itilize rezulta yo pou enfòme planifikasyon entansyonèl pwogram edikatif la.
 - C. Konprann kijan pou itilize rezulta yo pou pèsonalize ansèyman an, oswa chanje oubyen ankò adapte pwogram edikatif la oswa anviwònman an pou reponn a bezwen yon timoun.
- VIII. Konprann kijan pou konsevwa anviwònman klas la pou evalyasyon an ka fè pati pratik kontinyè yol
- IX. Konprann patenarya evalyasyon ki genyen ant fanmi ak kòlèg pwofesyonèl yo pou ka kreye bon anviwònman aprantisaj.
 - A. Konnen kijan pou pataje enfòmasyon ou te rasanble nan evalyasyon yo de manyè konstriktif (ki gen fòs idantifye yo) pou ka enfòme paran ak kòlèg pwofesyonèl yo de pwogrè timoun yo, vèbalman ak alekri.

KATEGORI ETID 13: ADMINISTRASYON SÈVIS SWEN TIMOUN

KOU NAN KATEGORI SA-A DWE ANSEYE PWOFESÈ-YO:

- I. Konnen kijan pou konfòme ak lwa avèk règleman yo.
 - II. Konprann nòm ak pratik pou yo bay lisans nan domèn edikasyon ak swen timoun piti, epi Nòm Aprantisaj Jèn Timoun yo tou.
 - III. Konprann nòm sante ak sekirite yo
 - IV. Konprann responsabilite administratif nan yon pwogram edikasyon ak swen timoun piti reyisi.
 - A. Konnen prensip jesyon biznis yo.
 - B. Konprann administrasyon ak jesyon fiskal.
 - V. Konnen kijan pou devlope ak kenbe yon enfrastrikti biznis apwopriye.
 - A. Konnen kijan pou rekrite ak konsève anplwaye yo.
 1. Konprann konpetans pwofesè-yo dwe genyen nan divès wòl yo dwe jwe.
 2. Konprann kijan yo sèvi ak konpreyansyon konpetans pwofesè-yo pou pran desizyon avise sou anbochaj ak plasman pwofesè-yo.
 - B. Konprann epi seleksyone pwogram edikatif, zouti evalyasyon, ak lòt materyèl pwogram ki apwopriye.
 - C. Konnen kijan pou devlope ak kenbe yon anviwònman travay ki apwopriye ki favorize bon jan kalite pratik ak devlopman timoun-yo.
 - D. Konnen kijan pou sipèvize epi devlope anplwaye.
 - E. Konnen kijan pou evalye pwogram yo.
 1. Konnen kijan pou itilize done (rasanble ak pwotokòl klè ak efikas) pou pran desizyon.
 - F. Konprann valè patisipasyon fanmi an epi konnen dwa paran yo.
 1. Konnen kijan pou kolabore ak fanmi yo nan sipò devlopman elèv ki an sante.
 2. Konnen kijan pou sipòte anplwaye yo pou yo ka byen travay ak fanmi yo.
 - G. Konnen sèvis ak resous ki disponib nan kominote-a pou sipòte pwofesè-yo, pwogram lan, ak fanmi timoun-yo.
 1. Konnen kijan pou devlope epi distribiye pwotokòl yo pou jwenn resous sa yo.
 2. Konnen kijan pou'w swiv tout tan resous kominotè yo toutotan yap chanje epi lòt nouvo resous ap disponib.
 - H. Konnen kijan pou itilize teknoloji ki disponib yo pou soutni jesyon ak administrasyon pwogram nan.
- VI. Konprann wòl yon pwogram edikasyon sou swen timoun piti nan kominote-a.
- VII. Konprann Ranfòsman Faktè Pwoteksyon Fanmi yo epi kijan pou itilize Oto Evalyasyon Fanmi sa yo pou Amelyore pwogram nan.